

Chè kominote Lekòl Piblik Boston,

Se priyorite prensipal Lekòl Piblik Boston (BPS) pou n prezève sekirite ak sante elèv ak manm pèsònèl nou yo. Kòm ou ka deja konnen, nouvel sou viris Kowona a kontinye ap evolye, e malerezman viris la kontinye ap gaye. Sepandan, menas viris la parapò a vil Boston trè ba. Malgre risk minim sa a nan Boston, n ap prepare pou nenpòt sa ki ta devlope pi devan. Lekòl Piblik Boston ap siveye sitiwayon an depre, epi l ap ret an kontak sere-sere avèk patnè nou yo nan Komisyon Sante Piblik Boston an (Boston Public Health Commission - BPHC).

Pou raple w sa nou te di nan de (2) lèt osijè maladi ivè nou te voye oparavan yo bay fanmi ak manm pèsònèl yo, men kèk ti konsèy pou ede w ret an bon sante e pwoteje tèt ou kont grip ak kèk lòt maladi respiratwa (maladi ki afekte respirasyon w):

- Lave men w souvan avèk savon ak dlo pou omwen 20 segond
- Si ke w pa genyen aksè a savon ak dlo, itilize yon dezenfektan ki genyen alkòl ladan l.
- Evite manyen je w, nen w, ak bouch ou, si men w pa lave.
- Evite kontak depre avèk moun ki malad

Si w genyen kèk sentòm grip, ou kapab ede pwoteje lòt moun lòske w:

- Rete lakay ou lè w malad.
- Evite kontak depre avèk lòt moun
- Kouvri bouch ou ak nen w avèk yon papye klinèks (oswa bra w) lòske w ap touse oswa estène, epi jete klinèks la nan poubèl, lèfini lave men w.
- Netwaye e dezenfekte objè ak sifas.

Pandan konje fevriye a, manm pèsònèl netwayaj BPS yo te fè yon netwayaj konplè nan tout bilding lekòl yo. Enfimyè lekòl nou yo ak Sèvis Sante BPS yo ap kontinye kolabore avèk BPHC pou detèmine si yon netwayaj presi nesèsè pou lekòl ki eksperimente yon gwo kantite elèv ki genyen maladi ivè, tankou grip oswa rim.

Pou enfòmasyon ki pi ajou ke w kapab konfye sou viris kowona a, tanpri ale sou sit BPHC a nan adrès entènèt: [www.bphc.org](http://www.bphc.org). Si w genyen okenn kesyon oswa ou bezwen èd, ou kapab kontakte Sèvis Sante BPS la, nan nimewo telefòn: 617-635-6788. Pou konsèy ak resous anplis, tanpri ale sou sit Depatman Sèvis Sante BPS la nan adrès entènèt: [bostonpublicschools.org/healthservices](http://bostonpublicschools.org/healthservices).

N ap kontinye kenbe enfòmè w, tank gidans ak rekòmandasyon BPHC yo ap evolye.

Mèsi,



Doktè Brenda Cassellius  
Sipèentandan